



# VIL CAMBRIDGE

## PWOGRAM AGREGASYON ELEKTRISITE KOMINOTÈ LÈT NOTIFIKASYON

18 Oktòb 2021

Chè Rezidan oswa Biznis Cambridge,

Lèt sa a gen ladan enfòmasyon enpòtan sou bòdwo elektrisite w.

Aktyèlman ou genyen Sèvis debaz Eversource. Sa a vle di Eversource founi elektrisite w, epi Eversource se founisè elektrisite w tou (yo achte elektrisite pou ou).

Men, Vil Cambridge la gen yon pwogram elektrisite ki rele **Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge**. Nan pwogram sa a, Eversource founi elektrisite w, men Vil la chwazi pwòp founisè elektrisite w. Vil la ap itilize pwogram lan pou devlope yon nouvo pwojè enèji solè nan Cambridge. Lè ou patisipe, ou pral ede ajoute plis elektrisite renouvlab nan rezo elektrisite lokal la

**Si ou resevwa lèt sa a e ou pa fè anyen, ou pral anwole OTOMATIKMAN nan pwogram Elektrisite Kominote Cambridge.**

**Demann ou pou soti dwe make avèk so lapòs oplita nan dat 20 Novanm 2021, pou evite enskripsyon otomatik nan pwogram lan.**

**Patisipasyon vle di:** Eversource pral rete konpayi elektrisite w. Ou pral kontinye resevwa bòdwo elektrisite nan men yo epi rele yo si ou pa gen kouran. Men ou pral wè Enèji Dirèk liste sou pati apwovizyonman nan bòdwo elektrisite Eversource ou, e yo pral itilize pri pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge pou kalkile frè apwovizyonman yo sou bòdwo elektrik ou.

**Si ou kalifye pou yon to livrezon a fèb revni oswa asistans pou gaz, ou pral kontinye resevwa benefis sa yo.**

**Chwazi pou pa patisipe vle di:** Eversource pral kontinye kòm founisè elektrisite w, e pati apwovizyonman nan bòdwo w la pral rete sou pri sèvis debaz Eversource.

### Benefis ki genyen lè ou patisipe

**Elektrisite renouvlab, lokal** - Elektrisite w pral gen ladan enèji renouvlab nan nouvo pwojè enèji solè Vil la. Kidonk, elektrisite w pral gen ladan plis enèji renouvlab pase minimòm eta a mande.

**Chwa** - Pwogram lan ba ou de opsyon: 1) Standard Green, sa ki pral gen ladan elektrisite renouvlab pou nouvo pwojè solè a nan Cambridge, e 2) 100% Green Plus, avèk 100% elektrisite renouvlab ak enèji renouvlab tou ki soti nan nouvo pwojè solè nan Cambridge. Ou pral anwole otomatikman nan Standard Green, men ou ka chwazi 100% Green Plus. (Wap jwenn detay pa dèyè.)

**Ekonomi Potansyèl** - Pri pwogram nan kapab pi ba pase pri sèvis debaz Eversource. Men, pri sèvis debaz Eversource chanje chak 6 mwa pou kliyan kont ti biznis ak rezidansyèl ak chak 3 mwa pou kont kliyan gwo biznis yo. Kidonk, pri pwogram nan ka pa toujou pi ba pase pri Eversource, e yo pa ka garanti ekonomi.

**Español:** [masspowerchoice.com/cambridge/letter\\_spanish.pdf](https://masspowerchoice.com/cambridge/letter_spanish.pdf)  
**Kreyòl ayisyen:** [masspowerchoice.com/cambridge/letter\\_hcreole.pdf](https://masspowerchoice.com/cambridge/letter_hcreole.pdf)  
**বাংলা:** [masspowerchoice.com/cambridge/letter\\_bangla.pdf](https://masspowerchoice.com/cambridge/letter_bangla.pdf)  
**አማርኛ:** [masspowerchoice.com/cambridge/letter\\_amharic.pdf](https://masspowerchoice.com/cambridge/letter_amharic.pdf)  
**عربي:** [masspowerchoice.com/cambridge/letter\\_arabic.pdf](https://masspowerchoice.com/cambridge/letter_arabic.pdf)

## Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge

**Nouvo pri apwovizyonman  
elektrisite w**

**10.20 ¢/kWh**

**Sèvis debaz rezidansyèl Eversource**

**10.753 ¢/kWh**

To biznis Eversource pa dèyè a. ▶

**Sipò Kliyan:**

**1-844-379-9934**

### Pa vle patisipe?

**Ou pa oblije. Pa gen penalite oswa frè pou soti nan pwogram lan, e ou ka soti a nenpòt kilè.**

Si ou chwazi pou pa patisipe, ou pral rete yon kliyan Sèvis Deabz Eversource.

Pou soti anvan ou enskri, fè youn nan sa ki annaprè a anvan **20 Novanm 2021:**

▶ Siyen & retounen kat ki make (make avèk so lapòs pa pita pase **20 Novanm 2021**), rele sipò kliyan nan **1-844-379-9934**, oswa soti anliy nan [masspowerchoice.com/cambridge](https://masspowerchoice.com/cambridge)

Pou soti nan lavni, fè youn nan sa ki annaprè yo nan nenpòt kilè:

▶ Rele sipò kliyan nan **1-844-379-9934** oswa soti anliy nan [masspowerchoice.com/cambridge](https://masspowerchoice.com/cambridge)

## PRI AK OPSYON PWOGRAM

<b>1. Si ou pa fè anyen, ou pral anwole otomatikman nan STANDARD GREEN:</b>		<b>10.20 ¢/kWh*</b> pou kont rezidansyèl, ti biznis ak gwo biznis yo ( <i>Sa a se opsyon ki pi mwen chè</i> )
<b>Kontni enèji renouvlab</b>	Reponn a egzijans enèji renouvlab minimòm Massachusetts e li pral founi enèji renouvlab adisyonèl ki soti nan pwojè solè yon fwa li sou pye epi lap fonksyone.**	
<b>Pousantaj tèm</b>	Anwolman - Lekti kontè a se nan Janvye 2021.	
<b>Tèm pou Soti</b>	Kite nan nenpòt kilè. Pa gen frè pou soti.	
<b>2. Si ou vle enèji renouvlab 100%, ou ka chwazi 100% GREEN PLUS:</b>		<b>13.669 ¢/kWh*</b> pou kont rezidansyèl, ti biznis ak gwo biznis yo. ( <i>Sa a se opsyon ki pi chè a</i> )
<b>► Pou chwazi 100% GREEN PLUS, rele sipò kliyan nan 1-844-379-9934.</b>		
<b>Kontni enèji renouvlab</b>	100% enèji pwòp ki soti nan pwojè enèji renouvlab nan New England e li pral bay enèji renouvlab adisyonèl nan nouvo pwojè solè Cambridge yon fwa li sou pye epi lap fonksyone.**	
<b>Pousantaj tèm</b>	Anwolman - Lekti kontè a se nan Janvye 2021.	
<b>Tèm pou Soti</b>	Kite nan nenpòt kilè. Pa gen frè pou soti.	
<b>3. Si ou chwazi pou pa patisipe, ou pral rete sou SÈVIS DEBAZ EVERSOURCE:</b>		<b>10.753 ¢/kWh</b> rezidansyèl <b>9.850 ¢/kWh</b> ti biznis <b>12.746 ¢/kWh</b> gwo biznis
<b>Kontni enèji renouvlab</b>	Reponn a egzijans enèji renouvlab minimòm Massachusetts.	
<b>Pousantaj tèm</b>	1 <sup>re</sup> Jiyè 2021 - 31 Desanm 2021, pou kont rezidansyèl ak ti biznis yo. 1 <sup>re</sup> Oktòb 2021 – 31 Desanm 2021, pou kont rezidansyèl ak ti biznis yo. Pousantaj Sèvis debaz fiks Eversource la pral chanje chak sis (6) mwa pou kont rezidansyèl ak ti biznis yo ak chak 3 mwa pou kont gwo biznis yo.	
<b>Tèm pou Soti</b>	Kite a nenpòt kilè. Pa gen frè pou soti. Sepandan, gwo C&I (pousantaj G-3, T-2, ak WR) ak kliyan ekleraj piblik yo benefisye opsyon sèvis debaz a pri fiks ka resewva yon ajisteman bòdwo, swa ki kapab yon kredi oswa yon chaj.	
* Pri Vè Estanda [Standard Green] ak pri Vè 100% toulède gen ladan yon frè administrasyon \$0.00075/kWh ak yon operatè adisyonèl \$0.002/kWh. Pri pwogram yo ka ogmante akòz yon rezilta nan yon chanjman ki gen nan lwa ki lakoz nan yon ogmantasyon dirèk, pri materyèl pandan tèm kontra apwovizyonman elektrisite a.		
** Lajan ke yo kolekte nan kad operatè adisyonèl la pral itilize pou sipòte devlopman yon nouvo pwojè solè. Yon fwa pwojè a sou pye e lap fonksyone, Vil la pral aplike REC yo pwojè sa a jenere nan yon pati elektrisite toulède patisipan yo Standard Green ak 100% Green Plus itilize.		

### Kesyon yo poze souvan

**Èske ekonomi garanti?** Non. Pousantaj Sèvis debaz fiks Eversource la pral chanje chak sis (6) mwa oswa mwens, depannde ki kalite kliyan ou ye, e pwochen pri yo enkonni. To Eversource pral chanje nan 1<sup>re</sup> Janvye 2022, pou kont rezidansyèl, ti biznis ak gwo biznis yo. Pou tarif aktyèl yo, vizite <https://www.eversource.com>.

**Mwen deja siyen pwòp kontra m avèk yon founisè elektrisite. Kisa mwen ta dwe fè?** Si ou gen yon kontra ki egziste deja avèk yon founisè elektrisite e ou vle rete nan kontra sa a, ou dwe soti nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la [Cambridge Community Electricity Program]. Si ou pa soti nan pwogram lan sa pral lakoz nan anwolman w epi li ka deklanche penalite ki soti bò kote founisè elektrisite w ki egziste deja.

**Mwen gen yon kont egzansyon taks. Kijan mwen ka kenbe estati kont egzansyon taks mwen?** Yo pral faktire taks yo nan kad frè alimantasyon pwogram nan. Kliyan yo responsab pou idantifye ak mande yon egzansyon apati koleksyon nenpòt taks lè ou bay dokiman apwopriye sou egzansyon taks a Direct Energy. Vizite [MassPowerChoice.com/Cambridge](https://www.masspowerchoice.com/Cambridge) pou w jwenn enfòmasyon sou ki kote pou soumèt dokimantasyon ou.

Si ou gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte sipò kliyan nan **1-844-379-9934** oswa **cambridge@masspowerchoice.com**, oswa vizite **[www.masspowerchoice.com/cambridge](https://www.masspowerchoice.com/cambridge)**. Konsiltan pwogram nou an pral kontan pou ede w.

Louis DePasquale  
Kowòdonatè Vil la



## Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge

### ENSTRIKSYON POU W SWIV POU W SOTI

Ou pa bezwen pran okenn aksyon pou w patisipe nan pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge.

**Si ou PA vle patisipe ou DWE soti.** Pou soti pa lapòs:

1. Siyen epi mete dat sou kat sa a
2. Mete kat la nan anvlòp yo
3. Bay la epi lage anvlòp la nan lapòs

Kliyan ki enskri ke dosye non l parèt sou kat sa a dwe siyen. Anvlòp la dwe gen so lapòs ki date pa pita pase **20 Novanm 2021**, pou evite anwolman otomatik. Ou ka chwazi pou soti nan [masspowerchoice.com/cambridge](https://masspowerchoice.com/cambridge) oswa lè ou rele Sipò Kliyan nan **1-844-379-9934**.

X \_\_\_\_\_  
Siyati Dat